

## Admisyon nan klas pre-matènèl – Seri 2

<p><b>KISA</b> klas pre-matènèl inivèsèl ye?</p>	<p>Pwogram klas pre-matènèl inivèsèl Universal pre-Kindergarten (UPK) ofri bon kalite enstwisyon pou prepare pitit ou pou lekòl primè. Pwogram UPK yo disponib gratis nan plizyè lekòl leta ak nan òganizasyon kominotè community-based organizations (CBO) toupatou nan vil la.</p>
<p><b>KIMOUN</b> ki kalifye pou UPK?</p>	<p>Timoun k ap viv nan vil Nouyòk epi ki pral genyen laj katran ant 1ye janvyè 2009 ak 31 desanm 2009 se timoun ki kalifye pou UPK.</p>
<p><b>KI KOTE</b> mwen kapab jwenn yon Anyè klas pre-matènèl Seri 2 ki genyen yon lis tout lekòl leta ak pwogram CBO UPK?</p>	<p>Anyè Seri 2 klas pre-matènèl yo ap disponib nan semenn 13 jiyè nan :</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>▪ biwo distri lekòl kominotè</li> <li>▪ Biwo enskripsyon minisipalite</li> </ul> <p>Nan Entènèt : <a href="http://www.nyc.gov/schools/ChoicesEnrollment/PreK">www.nyc.gov/schools/ChoicesEnrollment/PreK</a></p>
<p><b>KI KOTE</b> mwen kapab jwenn yon aplikasyon?</p>	<p>Paran yo kapab chwazi pou yo aplike pou lekòl leta UPK ak pwogram CBO :</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>▪ Aplikasyon pou lekòl leta ap disponib sou Entènèt epitou yo ajoute yo kòm pati Anyè Seri 2 klas pre-matènèl</li> <li>▪ Ou kapab jwenn aplikasyon CBO nan CBO ki endike nan Anyè Seri 2 klas pre-matènèl.866-779-8954</li> <li>▪ Toulède aplikasyon yo ap disponib sou Entènèt nan sit wèb : <a href="http://www.nyc.gov/schools/ChoicesEnrollment/PreK">www.nyc.gov/schools/ChoicesEnrollment/PreK</a></li> </ul>
<p><b>KILÈ</b> peryòd aplikasyon klas matènèl Seri 2 a?</p>	<p>Pwogram lekòl leta – Paran yo genyen de chwa :</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>▪ Aplikasyon ki sou Entènèt ap disponib lendi 13 jiyè epitou ou dwe ranpli aplikasyon an sou Entènèt anvan vandredi 31 jiyè, OSWA</li> <li>▪ Aplikasyon an papyè ki nan anyè a ap disponib apati 13 jiyè epitou ou dwe ranpli aplikasyon an ak voye li pa lapòs anvan vandredi 31 jiyè.</li> </ul> <p>Pwogram CBO : Plas yo toujou disponib nan plizyè pwogram CBO. Nou ankouraje paran yo pou yo kontakte program CBO yo dirèkteman pou yo jwenn plis enfòmasyon.</p>

Pou jwenn plis enfòmasyon, rele 311 oswa ale sou sit wèb  
[www.nyc.gov/schools/ChoicesEnrollment/PreK](http://www.nyc.gov/schools/ChoicesEnrollment/PreK)